

# MEN KI JAN POU TELECHAJE YON DOKIMAN APATI TELEFÒN OU

Se pou w ranpli Aplikasyon pou Fon Asistans Lwaye (Rental Relief Fund) lan sou entènèt la atravè AgilePoint. Pwogram sa a pèmèt ou ranpli fòmilè a avèk yon òdinatè, tablèt oswa yon telefòn pòtab. Pandan w ap ranpli aplikasyon an, y ap mande w pou telechaje dokiman sa yo:

Yon kopi kontra lwaye oswa akò lokatè a ki siyen  
Dokiman Mèt Kay yo (si aplikab)  
Dokimantasyon sou benefis pou chomaj (si aplikab)  
Dokimantasyon foto pou chèf kay la

**Si w gen difikilte pou ranpli nenpòt nan fòmilè sa yo apati telefòn ou, tanpri, teledchaje aplikasyon gratis Adobe Fill & Sign lan sou [iPhone](#) oswa [Android](#).** Pou kapab itilize aplikasyon sa a, swiv etap sa yo:

## ETAP 1

Lè w ouvri aplikasyon an, ou p ap bezwen kreye yon kont pou konekte w. Peze x la ki nan paj koneksyon an, apres a peze senbòl plis la pou telechaje dokiman an.


Adobe Fill & Sign



Select a form to fill out

Seleksyone ki kote w ap jwenn dokiman sa a w ap telechaje a (Navigatè Fichye, URL Wèb, Pyès Jwent nan Imèl, elatriye). Si w rive teledchaje dokiman an, seleksyone Navigatè Fichye a, apres a jwenn li nan fichye w yo. Si w pa t rive teledchaje dokiman an, itilize URL Wèb la. Si w gen difikilte pou itilize nenpòt nan metòd sa yo, ou kapab eseye pran yon foto dokiman an (apres a itilize opsyon "Camera Roll" [Galri Kamera] a), oswa voye l pa imèl bay tèt ou (epi itilize opsyon "Pyès Jwent nan Imèl" la).

## ETAP 2





## ETAP 3

Dèke ou fin telechaje dokiman an, fòmilè a ta dwe parèt nan aplikasyon an. Ou kapab klike sou liy yo pou ranpli l. Ou ta dwe jwenn yon envitasyon pou tape repons ou yo. Apre w fin tape yo, ou gen posiblite pou fè yo vin pi piti oswa pi gwo. Ou gen posiblite tou pou chanje yo pozisyon sou paj la.

# MEN KI JAN POU TELECHAJE YON DOKIMAN APATI TELEFÒN OU


## ETAP 4

Ou kapab kreye yon siyati lè w klike sou twazyèm bouton ki anba a apati bò goch la (li sanble ak yon plim). L ap mande w pou kreye yon siyati avèk dwèt ou. Depi w satisfè ak siyati a, peze "fini [done]".



## ETAP 5

Siyati sa a anrejistre nan aplikasyon an kounye a. Nenpòt lè w bezwen ajoute yon siyati, ou ka peze twazyèm bouton ki anba a apati bò goch la (li sanble ak yon plim), apres a seleksyone siyati w la. Sa pral kreye yon lòt kopi ke w kapab chanje pozisyon l sou paj la epi chanje gwosè l.



## ETAP 6

Lè w fin ranpli fòmilè a nèt, tout chanjman ou fè yo pral anrejistre otomatikman. Peze bouton ki anba a ki sou bò dwat la nèt (li se yon kazye ki gen yon flèch k ap pwente sou anwo). Ou kapab anrejistre fòmilè sa a nan fichye w yo, apres a ou kapab telechaje l atravè AgilePoint. Si w rankontre difikilte nan telechajman yo, ou kapab seleksyone aplikasyon imèl ou a apati opsyon ki anwo yo, epi voye dokiman an nan yon imèl nan [rrf@boston.gov](mailto:rrf@boston.gov).

